

Kesyon ak repons

Sondaj pou
Kominote
Ozetazini yo

U.S. Department of Commerce
Economics and Statistics Administration
U.S. Census Bureau
census.gov

United States™
Census
Bureau







Kisa sondaj pou kominote ozetazini yo an ye ?

Sondaj pou kominote ozetazini yo an se yon sondaj biwo resansman ameriken an ap fè nan tout peyi a, epi menm nan zòn kote endyen ameriken epi natif natal Alaska rete e, lèfini, sou teritwa Awayi.

Sondaj sou kominote ameriken an ap, chak lane, bay enfòmasyon kritik sou sitiayson ekonomik, sosyal, demografik ak lojman nan tout kominote peyi a. Tout kominote peyi a di sondaj pou kominote ozetazini yo an ede yo pran bon dezisyon byen enfòme e sondaj la fondamantal pou lavni kominote a.

M pa janm tandem pale de sondaj pou kominote ozetazini yo an. Èske w ka di m depi ki lè y ap fè li ?

Sondaj pou kominote ozetazini yo an kòmanse nan lane 1996 nan kèk konte peyi a. Jodi a sondaj la fèt nan tout konte peyi Etazini epi nan Puerto Rico, men la se sondaj pou kominote Puerto Rico ke yo rele l.



Kijan y ap itilize repons mwen bay nan sondaj pou kominote ozetazini yo an ?

Kesyon ki nan sondaj pou kominote ozetazini yo an obligatwa pou n rammase enfòmasyon nesesè pou n dirje oswa evalye pwogram gouvènmantal. Kesyon ki nan sondaj sa a se menm ak enpe nan kesyon ki nan resansman chak 10 zan an.

- Enfòmasyon sou *revni* ede n fè konparezon nivo ekonomik ant plizyè zòn. Gen anpil pwogram federal ak pwogram leta ki sèvi ak enfòmasyon sa a pou yo distribye lajan k ap ede devlòpman kominote a.
- Repons ou bay kesyon *transpò pou ale epi soti nan travay* ap ede depatman transpò ameriken an tabli developman wout, developman sèvis transpò piblik ak pwogram k ap ede redui anbouteyaj.
- Enfòmasyon sou *laj* ap sèvi nan pwogram federal pou pwoblèm peman ak sèvis pou timoun, moun ki nan laj pou yo travay epi pou granmoun.

- Repons pou kesyon sou *revni ak lojman* ap ofri yon enfòmasyon jeneral pou depatman Kay ak devlopman vil Ameriken yo an evalye kisa granmoun, moun ki gen andikap ak pwopriyetè kay ki pòv bezwen lakay yo.
- Enfòmasyon sou *ras, ansèt panyòl ak lang manman* ap sèvi pou n detèminen tout sa ki nesesè pou n gen yon eleksyon bileng dapre lwa sou dwa moun nan eleksyon epi pou n kontwole opòtinite egal ego nan anplwa travay dapre lwa sou dwa sivil la. Ras ak ansèt panyòl (oubyen etnik panyòl) pa menm kidonk fòk n gen diferan kesyon pou yo toulede.
- Enfòmasyon sou *sèvis militè* ap sèvi pou depatman ki okipe zafè ansyen konbatan ameriken mezire sa ansyen konbatan yo bezwen epi pou evalye pwogram ansyen konbatan yo sou zafè edikasyon, travay ak swen medikal.



Ki benefis l ap ye pou mwen si m patisce nan sondaj pou kominote ozetazini yo an ?

Touletwa ajans federal, ajans leta ak kominote yo di yo pa gen tout dènye enfòmasyon nesesè pou yo pi byen konprann pwoblèm ki genyen nan kominote yo, pou yo ofri sèvis nesesè epi pou yo ofri pwogram ak resous. Ma p ba w egzanp sa yon chèf kominote di : « Li toujou enteresan pou n jwe devinèt men se pa toujou l ap fè bagay yo mache ».

Repons ou bay nan késyon sondaj pou kominote ozetazini yo an ap ede kominote kote w rete a tabli objektif, idantifye pwoblèm epi jwenn solisyon pou pwoblèm kominote a, jwenn ekipman ak pwogram, epi mezire pèfòmans tout pwogram yo.

Moun k ap itilize enfòmasyon ki dekouvri nan sondaj pou kominote ozetazini yo an se :

- **Gouvènman lokal** pou yo fè bidjè, evalye pwogram epi fè plan sou pwojè developman kominote a.

- **Pwogram kominote** (sètadi pwogram pou gramoun, pwogram eskout, bibliyotèk, bank, lopital ak lòt òganizasyon nan kominote a) pou yo ofri sèvis nan kominote a epi pou jwenn beldin, sèvis ak pwogram.
- **Moun ki tabli transpò**, sèvi ak enfòmasyon transpò moun itilize pou yo ale epi soti nan travay pou òganizasyon sikilasyon lè anpil moun ki ale epi ki soti nan travay epi pou developman estrateji, sètadi pwogram woulib ak orè travay ki chanje. Yo pran dezisyon pou konstwi nouvo wout oubyen elaji wout ki la deja, epi pou devlope sistèm transpò tankou tren lokal ak sòbwe apatide sa moun ap bezwen nan lavni.



Èske m oblige reponn kesyon ki nan sondaj pou kominote ozetazini yo an ?

Wi. Gen yon lwa ki di w oblige reponn sondaj la (Tit 13, kòd ameriken, seksyon 141, 193 ak 221). Menm lwa sa a di enfòmasyon ou bay ap li rete sekrè.

Èske se chak ane m ap gen pou m reponn kesyon sa yo ?

Non. Se sèlman kèk adrès kay ki chwazi pou yo patisipe nan sondaj pou kominote ozetazini yo an. Se chak 5 an yon adrès kay ka chwazi ankò pou l patisipe nan sondaj la.adrès sa yo chwazi o aza e yo reprezante tout lòt adrès ki nan menm zòn lan. Se pou sa li enpòtan pou tout adrès kay ki chwazi patisipe nan sondaj la.

Èske m oblige reponn kesyon sondaj la menmsi m nan kay la pou yon bout tan ?

Wi. Fòk ou reponn tout kesyon sondaj la si w rete nan adrès kay sa pandan omwen 2 mwa. Fòk ou reponn yon pati nan sondaj la si w pa p rete nan adrès kay la pou 2 mwa kifè se pou w li enstriksyon yo pou w konnen ki pati pou w reponn. Yon reprezantan biwo resansman an ka ede w. Enfòmasyon sa a ede kominote yo, plizyè fwa nan ane a, fè plan nesesè kwak popilasyon an ap chanje.

Èske repons mwen bay nan sondaj la ap rete sekrè ?

Wi. Tit 13, kòd ameriken, seksyon 9 di repons ou yo ap rete sekrè. Lwa sa a byen di biwo resansman an ka sèvi ak enfòmasyon moun founi pou kesyon estatistik e yo pa ka ni pibliye ni pataje okenn enfòmasyon ki ta pèmèt yo identifye moun ki patispe nan sondaj la.



Kijan m ka wè rezulta sondaj la ?

Enfòmasyon sa a ap pibliye nan sit entènèt biwo resansman American Factfinder® a nan : factfinder.census.gov

W ap jwenn rezulta yo sou plizyè fòm pou tout moun ka konprann li, sètadi moun k ap wè rezulta yo pou premye fwa (moun ki sèlman vle wè rezulta yo) jis nan moun ki gen gwo eksperyans nan rechèch.

American FactFinder® ofri chema k ap :

- ofri yon prezantasyon rapid epi jeneral sou rezulta yo,
- fè konparezon ant rezulta plizyè kote, epi
- ofri rezulta ki gen plis detay pou moun ki fè rechèch pi detaye.

Èske lapolis ak lòt ajans federal ka wè repsons mwen bay nan sondaj la ?

Non. Biwo resansman an ap kenbe enfòmasyon w sekrè. Ni lapolis ni okenn tribinal ka wè li. Pa gen moun ki ka wè oubyen sèvi ak repsons ou yo pou egzekisyon yon lwa.

Si nenpòt anpwlaye biwo resansman an dezobeyi lwa sa yo, moun sa a ap gen yon gwo penalite kriminèl ke kongrè enpoze – moun lan ka pran prizon pandan 5 an epi/oubyen ka peye yon amann ki ka monte jis nan \$250,000 (Tit 13, kòd ameriken, seksyon 214, jan li modifye dapre tit 18, kòd ameriken, seksyon 3559 ak 3571).



**Mwen se granmoun, moun ki
andikape oswa mwen gen lòt
pwoblèm ki anpeche m reponn
kesyonè sondaj pou kominote
ozetazini yo an. Kisa m ka fè ?**

Ou ka chwazi yon lòt moun pou moun sa ede w, oubyen yon reprezantan biwo resansman an ka swa rele w oswa vini lakay ou pou l ede w reponnn sondaj la. Moun ki chwazi pou patisipe nan sondaj la ka rele 1-800-354-7271 pou jwenn moun ede yo.

Pou n pwodui rezulta ki korèk, li enpòtan anpil pou tout adrès kay ki chwazi patisipe nan sondaj la.

**Ki kote m ap jwenn plis
enfòmasyon sou sondaj pou
kominote ozetazini yo an ?**

Gen plizyè fason pou w jwenn enfòmasyon sou sondaj pou kominote ozetazini yo an :

Pou plis enfòmasyon detaye, nou
mande w ale nan sit entènèt nou an
nan :

census.gov/acs
oubyen rele biwo resansman rejyonal
kote w rete a jan w wè I make la :

Biwo resansman rejyonal

Atlanta, GA
1-800-424-6974

Chicago, IL
1-800-865-6384

Denver, CO
1-800-852-6159


Los Angeles, CA
1-800-992-3530

New York, NY
1-800-991-2520

Philadelphia, PA
1-866-238-1374

SONDAJ POU KOMINOTE OZETAZINI YO

census.gov/acs



Tanpri rele nimewo sèvis kliyantèl nou an si w gen kesyon sou rezilta sondaj pou kominote ozetazini yo an oubyen si ou ta renmen konnen kijan w ka wè rezilta sondaj la :

301-763-INFO (4636)
1-888-346-9682

Si w vle ou ka voye yon lèt bay :
ask.census.gov

oubyen nan lapòs bay :
American Community Survey
U.S. Census Bureau
4600 Silver Hill Rd.
Washington, DC
20233-7500

SONDAJ POU KOMINOTE OZETAZINI YO

BIWO RESANSMAN NAN ETAZIN



Imel : ask.census.gov



Telefòn : 1-888-346-9682



Entènèt : census.gov/acs



ACS-51(HU) (Haitian Creole)
Issued January 2013

